ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№13 (23.671) ● 2018 гъэм щIышылэм (январым) и 30, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

Ислъам диныр езыгъэджэм Правительствэр адэкIи ядэIэпыкъунущ

Ислъам диныр щадж IэхущIапIэхэм дяпэкIи ядэIэпыкъунущ къэралым и вуз нэхъыфIхэр. Путин Владимир апхуэдэу щыжиIащ Урысейм и мусЫымэнхэм я дин зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ Болгар исЫам академиемрэ я унафэщIхэм щахуэзэм. Абы къыхигъэщхьэхуIащ щIалэгъуалэр гъуэгу тэмэмым тегъэувэныкIэ ди щIэныгъэм увыпIэшхуэ зэриубыдыр. Къэралым и Iэтащхьэм апхуэдэу къыхигъэщхьэхуIащ Урысейм и мусЫымэнхэм я дин зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэм дунейпсо утыкум щрагъэкIуэкI лэжьыгъэми фIы куэд къызэрырикIуэр.

УРЫСЕЙМ ислъам диныр щадж и IэхущIапIэхэм адэкIи ядэIэпыкъун зэрыхуейм теухуауэ Путин Владимир къыпсэлъам и гугъу щищIым «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь, партым и фракцэу КЪБР-м и Парламентым щыIэм и Iэтащхьэ, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудэз Афэщагъуэ Михаил къиглъэгъуащ:

«Урысейм ислъам диныр щадж и IэхущIапIэхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ УФ-м и Президентым къыхилъхьар цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэунэтIа лъэбакъуэщIэщ. Диным зыщижьынур абы теухуа щIэныгъэр щрагъэджым дежщ. Абы и лъэныкъуэкIэ мусЫымэнхэм я дежкIэ хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысей Федерацэм и Президентым и жэрдэмым».

«Урысей зэкъуэтым» и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

«ЩIэныгъэм и тхьэмахуэм» республикэм щыщIедзэ

Мазаем и 1 - 8-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIынущ «ЩIэныгъэм и тхьэмахуэ-2018» IуэхуР.

АР ЗЫТЕУХУАР щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр хэIуцIыIу щIыныращ, щIалэгъуалэр а унэтIныныгъэм дегъэхьэхыныращ, курыт еджапIэхэм щIэсхэм я творческэ жыджэрагъыр къэIэтыныращ. КЪБР-м и вузхэмрэ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьыгъэ зэщIэгъэуIуэныращ, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ щIэныгъэ-техникэ, инновацэ проектхэр утыку къиплъхьэныращ.

А тхьэмахуэ лэжьыгъэм хэриубыдэу екIуэкIынущ «УФ-м и щIыналъэхэм я агропромышленнэ комплексым и инновацэ зыуэжыныгъэр щIэныгъэм тету къызэгъэпэщыныр» дунейпсо щIэныгъэ конференц, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я Iэдакъэщ1кIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ, лекцэ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъэхэр.

Апхуэдэу республикэм и школхэм къыщызрагъэпэщынущ «Энерджикванториум», «Нанокванториум» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Мазаем и 9-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIынущ Кавказ Ищхьэрэм и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я инновацэ проектхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Гъэш нэхъыбэ къэлэжьынымкIэ программэр гъэзэщIэным тригъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 80 къыхуаутIыпщ

Абы теухуа зэгурыIуэныгъэ 2018 гъэм зэращIыпIащ КЪБР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ. Федеральнэ ахъщэм къыщIэуцуэ сом мелуани 6-м нэблагъэ ди республикэм хилъхьэн хуейщ.

Субсидиер трагъэкIуэдэнущ гъэш къэзылэжь Iэщыхъуэхэмрэ гъэшхэкIхэм елэжь предприятэхэмрэ ядэIэпыкъуным, республикэм къыщалэжь гъэшыр нэхъыбэ щIыным, Iэщ комплексхэрэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

ЗекIуэрей М. Д. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, щIэблэр гъэсэным къаруушуе зэрырихьэлIам икIи ильэс куэдкIэ хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **ЗекIуэрей Николай Дин и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм щIышылэм и 24-м
№6-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м №234-ПП *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIи**:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадзэм и 17-м кьыдигъэкIа унафэ №256-ПП-мкIэ къыщIэм, мы унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щетыныммкIэ Къэрал щэсыпIэхэм я программэм и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м №244-ПП *Налшык къалэ*

Урысей Федерацэм и цIыхухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм (адэкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цIыхухэм) пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ къратыныжмкIэ яIэ конституцэ хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщын мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIи**:

1. 2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щетыныммкIэ Къэрал щэсыпIэхэм я программэмэ ящыщ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм къалэн щыщIын узыфэхэр къэмыгъэхъуным теухуа профилактикэ лажьыгъэхэр зэпымыууэ иригъэкIуэкIыну икIи цIыхухэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэр иригъэфIэкIуэну.

3. ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ фондым, страховой медицинэ организацэхэм чэнджащ етын:

фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и IэнатIэм и ахъшэр зыхухаха мурадхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэсэбэным кIэлъыплъыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэу страхованэм хиубыдахэм я хуитныгъэхэр хъумэныр къызэрагъэпэщыну.

4. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

КЪБР-р яхэтщ цIыхухэр къызэрыхатхыкI Iэмалыщ1эхэр 2018 гъэм щагъэунэхуну щIыналъэпщIым

Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр хагъэхьащ цIыхухэр къызэрыхатхыкI Iэмалыщ1эхэр 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1 - 31-хэм щагъэунэхуну щIыналъэу пщIым.

Лэжьыгъэр зытеухуар программэ-методологие, къызэгъэпэщыныгъэ, технологие Iуэхухэр зэтеуухуэныщ. Гъэунэхуныгъэм кърикIуэкIэр зэхалъхьэжьынурэ къагъэсэбэпынущ 2020 гъэм Урысей псом цIыхухэр къыщыщыхатхыкIкIэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Мы махуэхэм

ЩIышылэм и 30, *гъубж*

♦Азербайджаным и таможнэ къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Индием и щхьэхуитныгъэм щIэбэну кIуэдзэхэр ягу къыщагъэкIыж махуэщ

♦1790 гъэм дунейм щыпэу Инджвылым щащIащ псым гуэзвэгъуэ щыхэуа цIыхум щыдэIэпыкъукIэ къагъэсэбэп хъуну кхъуафэжьейр.

♦1801 гъэм император Павел Езанэм Iэ тридзащ Картли-Кахетие пщыгъуэр Урысейм къыхэгъэхьэным теуха унафэм.

♦1863 гъэм Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзыну, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦1916 гъэм Новгород Ищхьэрэм цIыхубэ университет къыщызэIуахащ.

♦1930 гъэм Москва уэздкIынэшхуэхэм щеуэну хуит зымыщI унафэ къащтащ.

♦1933 гъэм цIыху куэдым я мыгъуагъэу къыщIэкIа унафэ къыщащтащ Гарманием - Гитлер а къэралым и рейхсканцлеру ягъэуващ.

♦1943 гъэм 6-нэ нэмыцэдзэм Сталинград деж зыщитащ. Ар Хэку зауэшхуэм советыдзэхэр щытекIуэным щIэдзапIэ хуэхъуауэ къалъытэ.

♦1948 гъэм Санкт-Мориц (Швейцарие) къыщызэIуахащ V щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦США-м и 32-нэ президенту щыта Рузвельт Франклин къызэралъхурэ ильэси 136-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, РСФСР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Дунаевский Исаак** къызэралъхурэ ильэси 118-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр цIэрыIуэ, актёр, сценарийхэр зытхыу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист **Гайдай Леонид** къызэралъхурэ ильэс 95-рэ ирокъу.

♦ШвецИем щыщ политик, а къэралым и премьер-министр кулукъым тIэунейрэ хаха **Пальме Улоф** къызэралъхурэ ильэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет шахматист, дунейпсо чемпион **Спасский Борис** и ныбжьыр ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Бесльэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Кьуэн Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ЖьылагъуэлажьакIуэ, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, шэрджэс щIыналъэ теуха фильм зыбжанэ тезыха **Нэгъаплъэ Аскэрбий** и ныбжьыр ильэс 64-рэ ирокъу.

♦Иорданием 1999 гъэ лъандэрэ и пащтыхь **Абдалла ибн Хъусейн** и ныбжьыр ильэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 31, *бэрэжьей*

♦Фаджэ (проказа) узыфэр зыпкърытхэм защIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦ДыщэкIым и дунейпсо махуэщ

♦1714 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ ЩыкIэпс щыкIэпс музейр – Кунсткамерэр.

♦1729 гъэм Истамбул щытрадзащ хъэрып хьэрфхэр къагъэсэбэнурэ ятха япэ тхылъыр - тырку псалъалъэр.

♦1865 гъэм цIыхур ягъэпщылIу мыдэным теухуа зэхъуэкIыныгъэ я конституцэм хилъхьащ США-м и Конгрессым. КъыкIэлъыкIуэ махуэм къэралым и президент Линкольн Авраам Iэ щIидзащ абы теухуа унафэм.

♦1893 гъэм «Кока-Кола» сату дамыгъэр япэу къагъэсэбэпащ.

♦1924 гъэм Советхэм я етIуанэ съездым къыщащтащ СССР-м и япэ Конституцэр.

♦1989 гъэм узгум лэжьэн щыщIидзащ цIыху кьурагъашхIын щхьэкIэ зэпкъралъхьа къъхьлъатэ нэхъ ин дыдэм - «Боинг 747-400»-м. Абы зэуэ щIыху 566-рэ ихуэрт.

♦1991 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр.

♦1996 гъэм къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэр.

♦Австрием къыщалъхуа, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа композитор **Шуберт Франц** къызэралъхурэ ильэс 221-рэ ирокъу.

♦Тхыдэдж, филолог, журналист **КIашэ Адэлджэрий** къызэралъхурэ ильэси 181-рэ ирокъу.

♦Совет дзэзешэ, маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Чуйков Василий** къызэралъхурэ ильэси 118-рэ ирокъу.

♦Куржы кинорежиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Лениным и цIэр зезыхьэу щыта саугъэтыр зрата **Абуладзе Тенгиз** къызэралъхурэ ильэс 94-рэ ирокъу.

♦Адыгей уэрэджыкIуэ цIэрыIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Сэмэгу Гущэнагъуэ** къызэралъхурэ ильэс 90 ирокъу.

♦Актрисэ, режиссёр **Глаголевэ Верэ** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ **Ныбэжь Таисэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, кьеушхьэкьесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Дыгъуасэ

УсакIуэм и фэеплъыр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIыщокъуэ Алим и фэеплъ пэкIу, усакIуэр дунейм щехыжа махуэм ирихьэлIэу, щIышылэм и 29-м екIуэкIащ. КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ уэрамым тет и фэеплъым деж, хабзэ хъууэ, илъэс къэс щызэхуэс абы и гуащIэр зыльытэхэр, адыгэ литературэм и классикыр ягу къыщагъэкIыж.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр **Мукъмахуэ Мухьадин**. «КIыщокъуэ Алим и усэхэр, и Iэдакъэ къыщIэкIа псори фIыуэ зэрафIэгъащ, шэч хэмылIу, илъэс къэс мыбдежым фыкъыщыщызэхуэсыр, - жиIащ абы. - Ар классикщ, сыт зэмани и тхыгъэхэмрэ и гупсысэхэмкIэ цIыхугъэм носри».

Ди республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правлензм хэт **Котляровэ Марие** къыщыпсалъэм къыхигъащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыпсэу ильэсхэр къыгъэхьилIэ имыIэу КIыщокъуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ зэрепхар. Езым и мызакъуэу, зэман-зэманкIэрэ къыдэкIуэтей щIэблэми абы и тхыгъэхэм яжь зыщIимыхуа зэрахэмытыр, дяпэки апхуэдэ къызэрымыхъунур къыхихигъащащ.

КIыщокъуэ Алим и екъуалIэныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуауэ къыльытэм, и гъащIэм епхауэ езыр зыщыгъуазэхэм я гугъу ищIащ. Щэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и унафэщI **Уэдыжь Хьэсанш** икIи жиIащ зэIущIэм зыкърезыгъэхьалIахэр усакIуэр къыщалъхуа ЩхьэлыкъуэкIуэжьэм зэрырагъэблагъэр. «Иджырей адыгэ усыгъэм и классикыу сыт зэмани къэнэжьынущ КIыщокъуэ Алим, ар дунейм зэрехьжьрэ и щIыкIэх хъуарэ пэт, и тхыгъэхэр зыфIэгъэщIэгъэнхэм кьахэхъуэ зэпытщ», - жиIащ Хьэсанш.

Зэхьхьэм щытепсэлъыхьащ КIыщокъуэм и щIэинхэм, и Iэдакъэщ1экI тхыгъэхэм я цIэ къыщрагъуащ, и усэхэм къыщеджащ. КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Созаев Ахъмэт** къызэхуэсахэр иригъэдэIуащ КIыщокъуэм теухуа и усэм.

Фэеплъым удэ гъэгъахэр тралъхьа иужь, пэкIум хэтахэр кIуащ усакIуэм и музей ЩхьэлыкъуэкIуажьэм дэтым.

ХЬЭПЭ Наталье.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

МэшбащIэ Исхьэкъ и романыщIэ

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я щIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Адыгейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Мэшбащ1э Исхьэкъ нигъэблагъащ и 22-нэ романыр тхыныр. Ар теухуащ ильэс 310-кIэ узэIэбэкIыжмэ, адыгэ хэкум исхэр зыхэуа лIыгъэщIапIэм - Кьэнжал зауэ фIэщыгъэм щIэту ди тхыдэм хьыкам. Романым щыщ пIычыгъэм фыкъыщеджэ мы къыдэкIыгъуэм и 3-нэ напэкIуэцIым.

2018 гъэм гъатхэпэм и 18-р
Урысейм и Президентыр щыхах махуэщ

ДЖЭШ Вячеслав:

Къэбэрдей-Балъкъэрыр щапхъэ хъуну дыщогуГъ

Урысей Федерацэм и Президент хэхыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхуэхьэзырым кьытхутопсэлъыхь республикэм и хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ильэс 30-м щIигъукIэ щылэжьа, 2010 гъэ лъандэрэ КЪБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав.

- ЦIЫХУР хэхыныгъэхэм кьекIуэлIэн щхьэкIэ, мы зэманым лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ зыбарегъащIэ баннеру 50-м щIигъу щыдгъэуващ, къэрал, муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэм плакат мин 15 щыгъэбрыдгъэжащ. КъыхэгъэщIыпхъэщ, КЪБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и мызакъуэу, республикэм и щIыпIэ администрацэхэри мы Iуэхур къызэгъэпэщыным зэрелэжьыр. Дыхуейт цIыхухэр жыджэру хэхыныгъэхэм кьекIуэлIэну, ди къэралым и кьэкIуэнур езыхэми зэрелытар къагурыIуэр. Президентыр щыхахкIэ, гуфIэгъуэ махуэшхуэ ар хъун хуейщ, макъамэр кьеуэу, цIыхухэр гушхуэу. Кӯэдым зэращIэжщи, япэм апхуэдэущ зэрыщытар. Псом хуэмыдэу мы Президент хэхыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIыкIэ кьыхэщыну ди гуапэт.

- **Гьатхэпэм и 18-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэр нэхъ ипэкIэ щыIахэм сыткIэ къащхьэщыкIрэ, Вячеслав?**

- КуэдкIэ къащхьэщокI. Кьапщтэмэ, адрей хэхыныгъэхэр щекIуэкIам мыпхуэдизэ зэрызехьэ щымыIэу, дуней псор зэрыщыту кьапщтэмэ, нэхъ мамыру щытащ. Псалъэм кьыдэкIуэу, 2012 гъэм Президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIам, КъуэкIыпIэ Гъунэгъур мамырт, щтапIэ ихьэжа апхуэдизэ цIыхуи щымыIэу.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уанэ телъхьэ фIыщIэ пылъкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр щапхъэ хъуну дыщогугъ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап. итщ).

Мыгъэрей хэхыныгъэхэм щІэуэ хэлъым и гугъу пщІымэ, ар - щыхур и лэжьыгъэкІэ е нэгъуэщІ щхьэусыгъуэкІэ здэщыІэну щыпІэм Іэ щиІэтыну Іэмал зэриІэнурщ. Хэхынигъэхэр щекІуэкІынум махуэ 20 иІэжу, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэм щыпІэхэм щылэжьэну комиссэхэр компьютеркІэ къызэрагъэпэщыпхъэщ.

- **Хэхыныгъэхэр къызэгъэпэщынымкІи, цІыхухэр абы къыхуеджэнымкІи къэбгъэсэбэп хъуну Іэмалхэм къахэхъущ.**

- Пэжщ. Хэхыныгъэхэм хьэрэмыгъэ зэрыхэмылъыр къагурыгъэІуэнымкІэ сэбэпщ, псалъэм папщІэ, электроннэ Іэ1этхэр зэрыпэжьэнур. КъищынэмыщІауэ, республикэм хэхыныгъэхэр щекІуэкІыну щыпІэ 354-м и процент 80-р видеокамерэкІэ къызэгъэпэщауэ щытынущи, абы къекІуалІэхэм, Іэ зэралэтым, Іэхуур зэрекІуэкІым Интернет ІэмалымкІэ цІыхухэр кІэлъыплъыфынущ.

- **Мы зэманым сыт КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэр эзлэжьыр?**

- Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм Іэ щаІэтыну щыпІэр абыхэм ятеухуауэ тщІыным долэжь. Зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм папщІэ Брайльм и шрифтыр яхудогъэхьэзыр. Ныкъуэдыкъуэхэм пэш щхьэхуэхэр къахуэзэдгъэпэщынущ (нэхъ нэхуу, сэбэп къахуэхьуну Іэмэпсымэхэр щІэту). КъищынэмыщІауэ, Іэ щаІэтыну пэщхэм я процент 90-р япэ къатым щекІуэкІын хуэдэу къыхэтхащ. Комиссэм хэтынухэм мы зэманым дыхоплъэж. Махуэ 46-рэ къэнащи, узытегуэзвыхьын Іэхуу диІэкъым, зэрыдубзыхуам тету зэман къэнам лэжьыгъэ псоми дыхунэсыну дыкъегъэгугъэ. Президент хэхынигъэхэр зэІухауэ, зыри зэран мыхъуу едгъэкІуэкІыну догугъэ.

- **Къыхуеджэныгъэ лэжьыгъэхэр сыт щыгъуэ щІидзэрэ?**

- ПІщдей яух Президент къулыкъум щІэбэныну зыкъзэзгъэпэгъуахэр ятхынщ. Абы и ужькІэ ахэр утыку кхихьну хуитщ. Республикэм и хъыбарегъащІэхэм къытрадзэн, къатын щІадзэнущ зэхьэзэхуэнухэм жаІэр. ТелевиденэкІэ къэпсэлъэнухэм я зэманыр пхъэидзэкІэ дгъэбелджьлынущ.

- **Путиным дзыхь зригъэз гупым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ хэтынухэм я гугъу къытхуэщІыт, Вячеслав.**

- Абы ди щІыналъэм щыщу цІыхуищ хэхуащ: КъБР-м и Къэрал филармонием и симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ, Урысейм и цІыхубэ артист Темыркъан Борис, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Беппаев МутІэлип, дуней псом тІэунейрэ и чемпионкэ хъуа Кучинэ (Ласицкене) Марие. Ди гуапэ зэрыхьунщи, ди лъахэгъу, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугьэтхэ зыхуагъэфэща, Санкт-Петербург филармонием и симфоние оркестрым и унафэщІ Темыркъан Юрий Санкт-Петербург къалэм къыбгъэдэкІыу а гупым хэтщ. Ахэр щІышылэм и 31 нэужым, Путин Владимир ІуащІэнущ, абы къыщащтэ унафэм теухуауэ ди лІыкІуэхэр телевиденэм къыщыпсэлъэнущ, цІыхубэм яхуэзэнущ.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъым гурэ псэкІэ хуэлэжьа Къардэнгъущ Зырамыку

Налкъутналмэсыр зэщІолыдэ, зэщІопщІыпщІэ и лъэныкъуэ псомкІи. ДэнэкІэ умыгъаэмэ, къыпхуэзгъуатэркъым нэхъ фагъуэ, нэхъ фэнщэ. Апхуэдэу и Іуэхущіафэ псори дахэрэ къыхэпхьынур къыпхуэмыщІэу, Іэнатіэ хуэхъум зэфІэкІышхуэ къыщигъэлъагъуэрэ угъурлыуэ илъэс куэдкІэ адыгэ културэм хуэлэжьа тхакІуэ, артист, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Къардэнгъущ Зырамыку къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур Іэтауэ щагъэлъэпІащ къыщалъхуа, щапІа Псыгуэнсу къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм.

НЭРЫЛЪАГЪУТ мы махуэшхуэм къуажэдэсхэм куэд щІауэ зэрызыхуагъэхьэзырыр. Щэнхабзэмкіэ унэм и пІэлущІэ пэшым и блыным фІэлът къуажэм дэт курыт еджапІэхэм щІэс цІыкІухэм Зырамыку теухуауэ ящІа сурэтхэр, блын газетхэр. Зи лъэ вакъэ изылъхьэу къуажэм дэсыр зэІущІэм къекІуэлІат жыпІэми, ущыуэну къыщІэкІынукъым.

Къуажэдэсхэм махуэшхуэр дальгъыну, дагъэлъэпІэну яхуеблэгъат КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и къудамэхэм я унафэщІхэу **Мыз Маринэрэ Табыщ Муратрэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІэ институтым и лэжьакІуэ нэхъыжьхэу **Гут Іэдэмрэ Хъуажь Фахърирэ**, республикэм и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Аруан щІыналъэм и администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Римма**, щІыпІэ самоуправленэм и Совет ым и унафэщІ **КІущ Валерэ**, Аруан районым щІэныгъэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Жэрыщты Олег**, «Адыгэ псалъэ» газетым, радиом я лэжьакІуэхэр, Къардэнгъущ лъэпкъым и нэхъыжьхэр, нэгъуэщІ куэди.

Пшыхьыр езыгъэкІуэкІхэм фІэхъус сэламыр яха нэужь, зэІущІэр кІыззэІуихьну псалъэ иратащ КІущ Валерэ.

- Дэ догушхуэ Къардэнгъущ Зырамыку хуэдэ лІы щыпкъэ ди къуажэм, ди лъэпкъым къызэрыхэкІам щхьэкІэ. А лІы Іумахуэм тхуилэжьамрэ къытхуимыухыныр нэрылъагъущ. ХужьпІэнрэ ущыпетепсэлъыхьынрэ и куэдрэ хузбгъэфэщэн псалъэ гъэзэтыгъуейуэ апхуэдэщІ, къытхуигъэна хъугъуэфІыгъуэр хэдмыгъэкІуэдэжу абы ди къуажэм щІалэгъуалэм я гъуэгуанэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и къудамэхэм я унафэщІхэу **Мыз Маринэрэ Табыщ Муратрэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІэ институтым и лэжьакІуэ нэхъыжьхэу **Гут Іэдэмрэ Хъуажь Фахърирэ**, республикэм и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Аруан щІыналъэм и администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Римма**, щІыпІэ самоуправленэм и Совет ым и унафэщІ **КІущ Валерэ**, Аруан районым щІэныгъэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Жэрыщты Олег**, «Адыгэ псалъэ» газетым, радиом я лэжьакІуэхэр, Къардэнгъущ лъэпкъым и нэхъыжьхэр, нэгъуэщІ куэди.

Пшыхьыр езыгъэкІуэкІхэм фІэхъус сэламыр яха нэужь, зэІущІэр къыззэІуихьну псалъэ иратащ КІущ Валерэ.

- Дэ догушхуэ Къардэнгъущ Зырамыку хуэдэ лІы щыпкъэ ди къуажэм, ди лъэпкъым къызэрыхэкІам щхьэкІэ. А лІы Іумахуэм тхуилэжьамрэ къытхуимыухыныр нэрылъагъущ. ХужьпІэнрэ ущыпетепсэлъыхьынрэ и куэдрэ хузбгъэфэщэн псалъэ гъэзэтыгъуейуэ апхуэдэщІ, къытхуигъэна хъугъуэфІыгъуэр хэдмыгъэкІуэдэжу абы ди къуажэм щІалэгъуалэм я гъуэгуанэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и къудамэхэм я унафэщІхэу **Мыз Маринэрэ Табыщ Муратрэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІэ институтым и лэжьакІуэ нэхъыжьхэу **Гут Іэдэмрэ Хъуажь Фахърирэ**, республикэм и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Аруан щІыналъэм и администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Римма**, щІыпІэ самоуправленэм и Совет ым и унафэщІ **КІущ Валерэ**, Аруан районым щІэныгъэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Жэрыщты Олег**, «Адыгэ псалъэ» газетым, Къардэнгъущ лъэпкъым и нэхъыжьхэр, нэгъуэщІ куэди.

Пшыхьыр езыгъэкІуэкІхэм фІэхъус сэламыр яха нэужь, зэІущІэр къыззэІуихьну псалъэ иратащ КІущ Валерэ.

Сымаджэщым и хэщІапІэр: Анзорей къуажэ, Надречнэ уэрам, унэ №92; телефонхэр: 8-967-423-63-83, 8-928-081-93-47.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Джэдгъэф Хъусен Зырамыку и къуэр

Хьэлъэу сымэджа нэужь, и ныбжьыр илъэс 87-м иту дунейм ехыжащ усакІуэ, узэщІакІуэ, егъэджакІуэ, уэрэдус, жылагьуэ лэжьакІуэ Джэдгъэф Хъусен Зырамыку и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрми гъунэгъу щІынальэхэми фІы дыдэу къыщацІыху лъэпкъыпІыр Бахъсэн районым хьхьэ Къызбрун Езанэм (ХьэтохъущІыкъуей Ищхъэрэм) 1932 гъэм и щІышлэ мазэм къыщалъхуащ. 1952 гъэм Хъусен ехъулІэныгъэ иІэу къиуахащ я къуажэм дэт курыт еджапІэр икІи Къэбэрдей пединститутым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ.

Зэреджэм хуэдэурэ Хъусен щылэжьащ «Къэбэрдей пэж» газетым. А зэманым ирихьэлІэу дунейм ехыгъэщ и ныбжьыр. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зриІэгъэуэта нэужь, Джэдгъэфэфыр егъэджакІуэу зеикІуэ ЗеикІуэ дэт курыт еджапІэм. Куэд дэмыкІыу игъэззэжащ къыщалъхуа и жылэм, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щригъэджэну. Илъэс 30-м щІигъуклІэ Джэдгъэфыр лэжьащ егъэджакІуэу. Адыгэбзэм и хабзэхэмрэ лъэпкъ литературэм и тхыгъэхэмрэ щыгъуазэ ищІ куэдей мыхъуу, Хъусен и дерсхэм увыпІэшхуэ щаубыдырт хэкупсэ, псэкупсэ гъэсэныгъэхэм. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ Іа зиІэ егъэджакІуэм хуэзфІэкІырт анэдэлъхубзэр и гъэсэнхэм фІыуэ яригъэлъагъун.

Школым щригъэкІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкІуэу, Джэдгъэфэфым жьджэру итхырт балигъ, сабий усэхэр, хъыбархэр, тауры хъэр. Апхуэдэ тхыгъэхэр щыззэхуэхьэса и япэ тхылъыр Хъусен къыдигъэкІуэу щытащ 1961 гъэм. «Бжэлупэ джэгу» зыфІищІа, а тхылъым япэ увыпІэр къыщицхьат Сабий тхылъхэм я урысейпсо зэпеуэм. Абы къыкІэлъыкІуэу дуней ем кытехьащ «Адакъэпщ - зызыгъэпщ», «Къартулрэ мыщэ пщэхумрэ», «Мэз псысэхэр» тхылъ хьэлэмэтхэр. Джэдгъэфым и творчествэм увыпІэ щхьэхуэ щеубыд Хэку зауэшхуэм. Езыр сабийуэ и нэгу щІэкІа и гуэзвэгъуэшхуэм теухуа усэхэр щызэхуэхьэсащ абы и «Къупщхь хужь» тхылъым.

Апхуэдэуи цІыхухэм гукъинэжь ящыхъуащ усэу тха и таурыхьхэр, Джэдгъэфым и псалъэхэр зыщІэлъ сабий уэрэдхэр. Псалъэхэри макъамэри езым ейуэ Джэдгъэфым и Іэщ уэрэдищэм щІигъу.

НэгъуэщІ лъэныкъуэ зыбжанэми хуэІэпщІэлъапщІэт Хъусен. Псалъэм папщІэ, езым трих фильмэхэм хэт лІыхъужьхэм я щыгъынхэм я нэхъыбэр езым идыжырт. Камерэм зэрыхуэІэижьым хуэдэу, триджэру итхырт балигъ, сабий усэхэр, хъыбархэр, тауры хъэхэр. Апхуэдэ тхыгъэхэр щыз

МэшбащІэ Исхъэкъ

Ажал Іуащхъэ

Тхыдэ романым щыщ пычыґъуэхэр



Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ

Къэнжал зауэм и хъыбар куэд къэсащ ди зэманым. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, 1708 гъэм кърым хъан Къаплъэн-Джрий и дзэ фІыцІэр (мини 120-м нэблагъэр) Къэбэрдейм къытеуауэ щытащ; хъаныи и дзэм хэтащ тырку аскэрхэри.

Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ Къэбэрдейр зэщІигъэшасэри, кърым хъаныи и дзэр зэтриукІащ.

Зауэр щекІуэкІар Къэнжал бґым и лъапэращ, аращ зауэм апхэдзэщІэ щытепхІар - Къэнжал зауэ.

Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ пщы уэлийуэ щытащ, къыщалъхуар щыпсэуари Хьэтіохъущыкъуэй Ипщэрщ (иджы Зеикъуэ). Ди зэманым къэсащ Курґъуокъуэ иригъэщІауэ щыта быдапІэм и къутахуэхэр, абыхэм ущрохьэлІэ Хьэрэкхъуэрэ бґым ипщІуэкІэ: абы Къалэжькіэ йоджэ иджыри къэс.

Пщы уэлийр, Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ, дунейм щехыжар 1710 гъэрщ. Дзэпщыщхуэм и цІэмрэ и щІыхьымрэ зэи ящыґъупщакъым къэбэрдейхэм.

Къэнжал зауэм и тхьдэр лъабжьэ хуэхъуащ адыґэ тхакІуэ цІэрыІуэ Мэшбащ Исхьэкъ и романыщІэм, ар мыґувэу дунейм къытехьэнущ. Щыґъуазэ фыдощІ а тхыґъэм щыщ пычыґъуэхэм.

Псалъэпэ

Адыґэ дунейм щыцІэрыІуэ си ныбжьэґъу ХьэфІыцІэ Мухьэмэд Мейкъуэапэ къэпсэлъэґъащ зэґуэрым:

- Си шынэхьажь, Къэнжал зауэм и хъыбарым ущыґъуазэщ, къэбэрдей адыґэхэм я гуапэ дыдэ хъунут, а зауэм и тхьдэм теуха тхьдэ роман птхамэ.

Къэнжал зауэм и хъыбарым сыщыґъуаззт сэ. Мухьэмэд сеупщІащ:

- А зауэм теухуауэ роман зытхын искъэ Къэбэрдейм?

- Исщ, итІани уэ нэхъ пхуґъэфащэ, - жиІащ Мухьэмэд. - Тхьдэ роман кІуэ зэрыптхам щыґъуазэщ къэбэрдейхэр. Къэнжал зауэми зы роман тебухуэнкІэ дыпщоґугъ.

- Къэбэрдей ныбжьэґъухэр ящыґъуасэрщ щыґуґъыр си гуапэ дыдэщ. Ар Іуэхуишэщ, аращ иджыри къэс сыщІыгъемыґушхуэр. Фыкъэзґъэґугъэрэ схуэзфІэмыкІмэ... Къэнжал зауэм тхьдэшхуэ иІэщ, абы тегушхуэґъуафІэкъэкІым.

Зауэ нэхъ дэкІакъым: Мухьэмэд къызэрызмыґъэґугъэфам сыхущІегъуэжри, щІызґъужащ. - Сегупсысынщ, сытетуишэнкІи мэхъу...

Абы лъандэрэ илъэс зыбжанэ дэкІащ. Сигу илъ зэпытащ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд къызэрызґъэґугъауэ щытар - зэи сщыґъупщакъым. Зэмани дэкІащ, Урыс-Кавказ зауэм тезуэуа романиплІым «Ирахуахэри» «Хэхсэхэри» къакІэлъыкІуащ. Къэнжал зауэм и тхьдэм хуэхьэзыр сыхъуауэ къыщысльытэм, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд сепсэлъащ:

- КъызэрызэхъулІэнур хэт ищІэн, Къэнжал зауэм хуэхьэзыр сыхъуауэ ящысфІощІ...

Тырку сулътІан Ахьмэд Ещанэр

Кърым хъан Къаплъэн-Джрий

Адыґэ хэку

ИН ДЫДЭУ щытащ Адыґэ хэкур - Хьэзэр (Каспий) тенджызым кІыщыщІэдзауэ Ахын (ХьІ ФІыцІэм) нэс. Километр миныбгъуэ щІыґъуэ щІыґъуэдзауэ, и бґыуаґъкІи - километр щитІ-щищым нэблагъэрт. Кавказым щынэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ и щыґу утетми, уняпІыгъыркъым Адыґэ хэкум и ґъунапкъэхэм. Илъэс мин зыбжанэм щІеґъу а щІыналъэр зи лъапсэ адыґэхэм я тхыдэр. Адыґэ лъэпкъ пщыкІытІым я цІэ къаІуэ нобэ: къэбэрдейхэр, бесльэнейхэр, абазэхэхэр, кІэмыргуейхэр, мэхъуэшхэр, еджэрыкъуейхэр, адэмейхэр, хьэтыкъуейхэр, шапсыґхэр, жанейхэр, бжьэдыґыухэр, натхъуэджхэр. Адыґэбзэщ ахэр псори зэрыпсалъэр, я хабзэри я псэуКІэри зыщ. Ящынкъуэ лъэпкъэм пщыґъуэ псэукІэ яІащ: къэбэрдейхэм, бесльэнейхэм, кІэмыргуейхэм, бжьэдыґъуэхэм, хьэтыкъуейхэм, еджэрыкъуейхэм. Абазэхэхэмрэ шапсыґъэмрэ пщыґъуэ псэукІэ яІакъым, я щхьэ хуитащ, я унафэр езыхэм яІэщІэльащ.

Инал пщышхуэм и лъэхъэнэм кІыщыщІэдзауэ Къэбэрдей щІынальэм пщы лъэпкъищ щытепщащ: Тальостэней (ЩІалэхъуэ), Идарей (Идарэхэ), Джылахъстэней (Алъхъэсхэ). Тхьдэм кІыізэрызщымкІэ, а пщыґъуэхэр зэныкъуэкъу зэпытащ Инал пщышхуэм и ужькІэ - аращ я тхьэмыщкІагъэм и нэхъыбапІэр кІыізыхэкІар... Пщыхэр зэщыхьэ, зэґурымыІуэ, зэныкъуэкъу щыхъуэ, Къэбэрдейр тегушхуэґъуафІэ ящІащ адэмыдзкІэ кІыикІ зэрыпхъуэкІуэхэм - ар я ІэмышІэ ирабудзэн щхьэкІэ. Апхуэдэ зэрыпхъуакІуэ кІаныхъэм я ущІын кІэдрэ къатехуащ къэбэрдейхэм, хьэзабым хагъэт зэпытащ. ЩыкІыпар кърым хъанрат - зы илъэсси дэкІакъым абы и дзэ фІыцІэр Къэбэрдейм къытемыуаУэ...

1707 гъэм кърым хъаныи и къалґъэ Менґлы-Джрий дзэшхуэ къришакъэрэ Къэбэрдейм къытеуащ. ФІы щІихакъым: Къэбэрдейм щызэтракъутащ Менґлы - Джрий и дзэр.

Іущ хъуакъым кърым хъаныр: миницЭм щІиґъу дзэ ирагъэзэри, Къэбэрдейм къытеуащ.

Къэбэрдейм я пщы уэлий Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ бийм пежьащ, Гундэлэн и псыхъуэ дэкІри, бґым ихьащ...

Мыувыр къиувыкІ Іуощ1э

«МЕНҐЛЫ-Джрий етщІар ящыґъущжауэ, кърым хъаныи и дзэр къришэжьащ, абы фІы зэрыщІимыхынур къыґурыІуэркъэ? Мыувыр къиувыкІ Іуощ1э. Кърым хъаныр щыґъуазэкъым адыґэ псалъэжьым...»

Гундэлэн псыхъуэр хьэзэбнэкІмэ, Тызыл удохьэ, абы и пэкІэ ублокІ Хьэрэкхъэрэ, я щалкІуэпІэрэ къеґаньэ Курґъуокъуэ, бґым уихьэрэ махуэ ныкъуэ ґъуэґу зэпыпчмэ, Къэнжал унэсынущ, Сосрыкъуэ и мывэдуми ублэкІынущ, думыдзыхмэ.

Іэджэм йогупсис Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ. Дзэ фІыцІэр зэуакІуэ къыщежьакІэ, уигу фІы щыщІэн? Зы закъуэщ зэкІыпІэр. Бийм нэґьабэ ирадзауэ щыта удыныр едзын хуейщ. «Къэбэрдеипщхэр зэрыґъбыдын хуей щыхъуа зэманщ, зыр зым дыщыґугъ хъунукъым...» - аращ Курґъуокъуэ нэхъ зыґъэґулэзыр.

Зы шу къалъэщІыхьащ Курґъуокъуэ и дзэм. Пщым и бейґуэлхэм зэщыщ зым къицІыхуэжащ шур:

- Къэзанокъуэ Жэбаґъыщ.

Шур пщым къыбґъэдэкІуэтащ:

- Гъуэґужь апщий, Курґъуокъуэ!

- Упсэу апщий! Епсых, зыґъэпсэху.

Жэбаґъы епсыхащ. Илъэс тІощІым щІиґъуа щІалэщ Къэзанокъуэр.

- Ди пщышхуэм и пащхьэ сыщетІысэхыну схуэфащэхъым. Сэ къыстехуэр пщым и пащхьэ ситынырщ, - жеІэ Жэбаґъы.

Пщым Къэзанокъуэр хигъэзыхьащ:

- УзыґъэтІыс уиубыжыркъым. Къэдрэ дыщысын мурад диІэкъым дэри, ґъуэґу къызэрытщІэлъри дызыльтежьари пщІэ хъунщ...

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ

СЫТ Я ХЪЪБАР Кърым хъанхэм, сыт хуэдэ ґъуэґу къыщызэпача тхыдэм? А упщІэхэм жуэал ептын хуей хъумэ, жыжьэ уІэбэнукъым.

Курыт лІэщІыґъуэхэм Кърымыр адэ-мыдзкІэ къиІэпхъуакІэхэм - кипчакхэм тІысылпІэ яхуэхъуауэ щытащ. Ахэр монголтэтэрхэм ящыщт, Дыщэ ОрдакІэ зэджэ хъэралыґъэм и унафэм щІэтт. ЕпщыкІущанэ лІэщІыґъуэм ахэрислъам диным ихьащ, я хьанхэр Бахъшысэрей дэтІысхьащ, джэнуез къалэхэр зыІэщІауБыдэри, Уэсмэн къаралыґъэм и лъэґущІэт хъуащ. Тыркухэм я жьІэм фІэкІакъым кърым хъанхэр - Хьэж-Джрий деж къыщыщІэдзауэ Къэнжал зауэр кІэ зыхуэхъуа Къаплъэн Джрий деж нэсу. Византием и къалащхьэ Константинополь Истамбыл цІэр фІэзышца уэсмэнхэм я ІэмышІэм ильащ кърым хъанхэр, зы мэскъалкІи ебэкъуакъым тыркухэм я унафэм. Тырку пащтыхьхэм емыдаІуэ я кхахэкІмэ, хьан жьІэмыдаІуэхэр традзырт, е ІуанІэрти, кІэ ягъуэтырт.

Кърым хъанныґъуэм сыт хуэдэ хъыбар къадемыкІуэкІми, тхьдэр щыхьэт тохъуэ кърым хъанхэм къаґу зэрабґъэдэлъам, дзэшхуэ ягъэшэсурэ зэуакІуэ, зэрыпхъуакІуэ ежьэфу зэрыщытам... 1482 гъэм кърымыдзэм Киев зэрипхъащ, 1484 гъэм Подольемрэ Молдавиемрэ тещ, Томбасар, Балтэ, Тегинэ, Товшан, Аккерман къалэхэр яхъунщІащ, цІыху куэд гъэр ящІри, Кърымым къахуащ, 1495 - 1500 гъэхэм зэуакІуэ ежьэри, Волынь, Брацлавщинэ, Галициер, Люблянэ, Львов Іисраф зэтращІащ, гъэр мин 50 зыІэригъэхьащ, 1503 гъэм Беларусь зэкъм, Брянск, Путивль, Стародуб къалэхэм нэсащ, 1513 гъэм Рязань яубыдащ, нэхъ иужькІэ Москва теуэри, мафІэ щІадзащ...

Кърым хъаныи и дзэр куэдрэ къизэрыґуащ Адыґэ хэкум: 1539, 1545,1546,1555,1616,1619, 1629,1631,1635,1640,1653,1657, 1688, 1699, 1700, 1701, 1707 гъэхэм...

Къамэ тхьэрыІуэ

ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ Курґъуокъуэ деж щызэхуэсащ къэбэрдеипщхэр. Уэсри уаери къафІэІуэхукъым дзэпщэми шухэми - щІакІуэ ятеґубґуауэ зэхэтщ, пщы уэлийм и псалъэм поплъэри.

- Тхьэм и нэфІ зыщыхуэнхэ, ди махуитІ зыкъым нобэ, уаеми жьапщэми фигъэдзыхакъым, хъыбар щывзґъащІэм ди хьэтыр къэфІъэґъуащи, фІыщІэ фхудощІ. Хуит сыкъэфщІмэ, ди хасэр дублэ хъун си гуґъэщ, - жиІащ пщы уэлийм.

- Ирґъуэщ, ирґъуэщ, Курґъуокъуэ. И чэзу хъуащ, - жиІащ Мударпщым. - Джылахъстэнейм я цІэкІэ акъылэґъу сохъу, унафэм дебэкъуэнкъым. Зы псалъэ кхъыхэслъхьэнут: пщыхэм ди псалъэр ди лъхуэкъуэлІэхэм зэхахыпхъэу сольытэ. КъыдґъэдрекІуатэ лъхуэкъуэлІэхэри. Фэ сыт жыфІэрэ?

- Узахуэщ. Акъылэґъу сохъу абыкІэ, - жиІащ Идарейм я лІыкІуэм. - Дэ нобэ зи гуґъу тщІыр, дыщІызэхьыр пщы Іуэху къудейкъым. Адыґэ зи цІэ псоми я Іуэхущ дыщІызэхьыхьар. Дигу къэдґъэґъэкІыж Мэшбащ къэрихьа лІыґъэр.

- Фигу дыкъэкІыжамэ, тхьэразы къыфхухьу... - жиІащ Джэрджж Мэрем.

- Бэяу... - Токъан и шынэхьыщІэм еІущащащ... - Дэ дызэрыабазэ хэхэсыр зыщумыґъэґупщэ. Ерагъмыґуейуэщ дазэрыхэзэґъар - ар пщІэжьыркъэ?..

- Ди ади, дэрэ, ди сабийхэри мыбы дыкъыщыхьэґащ, дэ дыхэхэскъым...

- Джэрджж зэшхэр фызэмыІущащэу ди пщы уэлийм и псалъэ кІапэр иубыдыжащ.

- КъуэкъуэлІэхэри къыдґъэдрекІуатэ. Дзэм хамэ хэткъым, - жиІащ Хьэтіохъущокъуэм. - Гъэзэвґъуэ дыхэхуащ нобэ, псоми ди зэхуэдэ гъэзэвґъуэщ. Къэрмыр щхьэзрыґъэтущыґъущ зи гуґъу сщІынур. Кърым хъанхэр ди уэрэ зэрримыкІым фыщыґъуаззщ псори, зы махуи «уэху» жыдагъэлэрбжьым. Я щІыхуэ ттелъми ярейщ. АфІэкІа тхуэзшэчыжынукъым - абы дынэсащ. Дывґъэчэнджащэ - аращ хасэм нобэ и къалэныр. Дызэчэнджащэм щхьэкІэщ хасэр дыщІызэхуэсар. ПІалъэ къыхэґъэкІ хъунукъым, зитлъэфыхьурэ - апхуэдэ зэман диІэжкъым.

МафІэ ящІати, Іуґъуэм я нэр щІисыкІ зэпытт, къажьэхихьэурэ.

Идарыпщыр и нэм щІэІуэтыхьащ, пчэуґъуурэ. Іуґъуэр нэхъ мащІэ щыхъум, абы жиІащ:

- Ди нэр ireф мы Іуґъуэм. Хасэ узэхыхьэрэ Іуґъуэм ухэувэж хъурэ - ар къезэґъыркъым... Дауи щрети, си псальи ныфхэслъхьэнщ ... Адыґэ псоми щапхъэ тхуэхъунущ Инал пщышхуэр. Инал пщышхуэм и цІэкІэ, абы и щІэблэм я цІэкІэ тхьэлъанэ тщІын щхьэкІэщ нобэ дыщІызэхуэсар. Ди псалъэр кІыхь щІэтщІын щыІэкъым: ди бийм дыпэувынщ, ди нэ къеІэмэ, и псэ деІэнщ. Сызахуэкъэ, Жэбаґъы? Хьэмэрэ сыщІыуэрэ? СыщІыуэ си гуґъэкъым. ЛІакъуэлІэши, уэркъи, лъхукъуэлІи иреувалІэ ди пщы уэлий Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ - аращ псом иди пщэ къыдэхэр. Кърым хъаныи и дзэр япэ зыльэІэсынур сфэращ, фыпэув. Дэри, Идарейр, дыфпэжьжьэкъым, псори дызэхуэдэ адыґэщ - пщыхэри, лІакъуэлІэшхэри, лъхукъуэлІэхри. Ди пщы уэлийм, Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ, деувэлІэнщ зи лъэ вакъэ изылъхьжьыфыр, нэхъыжьи нэхъыщІи псори дышъсынщи, бийм хэутэн зедґъэщІынкъым, ди нэм къеІэнущи, и псэм деІэнщ, я пэр щІым щытхуэнщ, Акъылэґъу фыхьурэ си псалъэмкІэ, хьэбэрдейхэ?

- Узахуэщ! Уи псалъэм доувалІэ! Зы лъэбакъуэкІэ дыкъикІуэтынкъым!

КІий-гуо макъыр нэхъ ужьыхьжа нэужь, Идарыпщым къыщІигъжащ:

- Тхьэр арэзы хъыфхуХь. Дэ, идарейхэр, нэхъ дыфпэжьжьэщ, дыфпэжьжьэми, фыкъыщыздэжь махуэм дыкъыфлъэІэсынущ - лІыкІуэ сыкъэзыщІащІэхэм си пщэ къралъхьащ ар вжесІэн хуейуэ. Фыкъытщыґугъэзэрыхьурэ си псалъэмкІэ, хьэбэрдейхэ?

- Узахуэщ! Уи псалъэм доувалІэ! Зы лъэбакъуэкІэ дыкъикІуэтынкъым!

КІий-гуо макъыр нэхъ ужьыхьжа нэужь, Идарыпщым къыщІигъжащ:

- Фэ фи пльапІэр Урысейращ! Къэбэрдейм щхьэкІэ фил узынукъым идарейхэм!

Хасэм къыхэкІиикІар Ашабэ Миншакъэкіэ зэджэ ґъэркъ хахуэрт.

- Апхуэди къэхуаґъэнщ, - жиІащ Идарыпщым. - Ар блэкІащ, куэдрэ къыдэвмыгъэжей. Пщым и псалъэм дыфІэкІакъым - ар фощІэ. Нобэ нэґъуэщІ хъуащ дунейр. Ди лъым къыщІэбґар бийр ди зэхуэдэ бийщ. Нэхъыжь зэрымыс унэм хабзэ ильхъым - ар адыґэм къыддэґъуґъуакІуэ псалъэжьщ. Ар мыпэжмэ, Къзанокъуэ Жэбаґъы феупщІ: щІалэми, куэдым щыґъуаззщ ар, чэнджэщ къывитыфрынщ.

Къззанокъуэ Жэбаґъы жэуап къимытыжьын лъэкІакъым, куэдкІэ нэхъыщІэми:

- Ди нэхъыжьхэ, дигу ныкъуэти, дызэрихьэлІащ - нэхъыжьи нэхъыщІи. Ди адэжьхэм дызэрагъэІущащи, пщы хабзи, уэркъ хабзи, лъэхъуэлІ хабзи диІэкъым. Диґэр зы хабзэщ - адыґэ хабзэщ. Ар зигу темыхуэр къытхэзэґъэнукъым дэ, ди псэукІэм пэжьжьэ хъунущ. Дызэхуэзыша Іуэхум зымащІэкІэ сытепсэльыхьынут, хуит сыкъэфщІмэ. Си гум жиІэр схуэбзыщІынукъым. Е дылІын, е дылІэн - аращ адыґэм и пщэ дэлъыр. Нобэ мыпхуэдэ махуэ щи, нэґъуэщІ хэкІыпІэ диІэкъым. Лъэбакъуэ тчы къэс а псалъэжьыр - ди адэжьхэм къытхуагъэна Іущыґъэр дигу къэкІыжьын хуейщ, абы дытекІ хъунукъым. - Ашабэ Миншакъ хуеплъэкІащ Жэбаґъы. - Лъакъуэ зышхыр щхьэ шхыґъуэ ихуэнущ ар тщыґъупщэ хъунукъым...

Ашабэ Миншакъ псалъэ къыпидзэжакъым: Жэбаґъы къыриІэкІар сытКІэ пщІэн?.. И къамэ Іэпщэр щикъузым, Миншакъ ней-нейуэ хуеплъэкІащ Джэрыджж Мэрем:

- Мыхъун умыщІэ, мыхъуни пумыдзыж щІалэм...

Ъэркъи лъхукъуэлІ зыбжани утыкум ихьэурэ щхьэж фІэзахуэ псалъэ гуэркэр жаІащ, абыхэм я псалъэм кІэ зэриґъуэтам ґу лъита хъунти, Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ гупым къахэкІуэтри жиІащ:

- Ди хасэм и кІэм диплъэ хъун сигуґъэщ. Дыпсалъэурэ бийр къытІущІэзэрыхьынущ. АтІэми, зыґуэр щІызыґужьын, гукъэнэ къытхуэзыщІыжьын щыІэмэ, утыку къырырехьэ - дыпэрыуэнкъым.

- Сэ щІызґъужьнут зы псалъэ, - жери гупым мэлыхьэуэ лІыжь къаехэкІуэтащ, мэлыхьэуэ башыр и дамащхьэм телъу. - Си псалъэри лей хэункъым. Къущхьэхуэм щІэ мэлыхьэуэхэм я джґум зы щІалэ ирихьэлІати, къафэр къылъагъэсакъым... Апхуэдэ къызэмвыщІэмэ, си гуапэ хъунут.

Мэлыхьэуэр псалъэм хунагъэсакъым: зы хьэжы лІыжь къыпэрыуащ:

- Жин джґум дыхэт и гуґъатґэнщ мэлыхьэуэм. Мы лІыжьращ жыхуэсІэр, Жанхъуэтщ. Дэ жин джґум дыхэттэкъым, ди нэмэз щыґъуэт, нэмэзлыкъым дытет, мэлыхьэуэ лІыжьыр ди лажьэтэкъым. Абы иґу илъыр дэнэ щытщІэнт? Аращ ґъуэґу щІедмытар, дыщІыпэрыуар...

Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ хьэжьм и псалъэр Іэщ1ихащ:

- ГушыІакІуэ дыкъежьакъым. Хьэжьыщ1 уэзрыщІыґар дощІэ, Тхьэм кІабыл ищ1 уи хьэжьщІэр, Къэсей. ІуэхущхуэкІэ дызэхыхьащ, ди Іэхэм кІэ иґьуэтын хуейщ.

- Арми, ди пщы уэлий, Алыхьым утхуигъэпсэу, дэ уи унафэм дебэкъуэнкъым, - жери хьэжьыр икІуэтыжащ.

Мэлыхьэуэ лІыжьым псалъэ иритынут Хьэтіохъущокъуэм, къеХьуЛІакъым: Іэнэ къахуэзыхь бзыльхъуґъэжьэ къабґъэдэкІуэтащ.

- Фыкъеблагъэ, ди шыпхъуэ. Дызэрыфщымыґъупщар ди гуапэщ.

Бзылъхуґъэхэм я нэхъыжьыр япэ къищащ:

- Зи унафэр тфІэзахуэ пщы уэлий, уи Іуэхур сыт щыґъуи къыбдрехъу, уи щытхъуцІэр жьыжьэ иреІу. Мы Іэнэхэр къыдэзыґъэхьар Хьэтіохъущокъуэхэ я пщы ґуащэращ, хьэлэл Тхьэм фхуищ, ґъуэґу фытехьащи, ґъуэґу махуэ вжьдоІэ, фи Іуэхур Тхьэм къывигъэхъулІэ.

- Тхьэм фигъэпсэу, ди шыпхъу лъапІэхэ...

Курґъуокъуэ и псалъэм хьэжым къыщІигъужащ:

- Алыхь лъапІэращ псори зи фІыщІэр, Алыхьталэр фІыкІэ къыфхуэупсэ, Іиншэ Алыхь!

Курґъуокъуэ пэжьжьэтэкъым мэлыхьэуэ лІыжьым, Жанхъуэт дадэ. Абы и псалъэр зэрыІэпаудари щыґъупщэжатэкъым:

- Тхьэмадэ, зы псалъэ къы-джепІэн мурад уиІащ, дебґъэдаІуэркъэ.

- ФезґъэдэІуэнщ, - жиІащ лІыжьым. - Къэнжал къущхьэхъум мэл хъушэхэр щохъуакІуэ. А хъушэхэм унафэ гуэр ягъуэтын хуейщ. Псом япэращи, ар зи мэл хъушэхэм хьэпэл къыфхуауащ. Мэлыхьэуэхэр къыфхуоупсэ а мэл хъушэхэмкІэ. Абы щІызґъунраращи, Псыжь адрыщІ ис ди лъэпкъэґъуэхращ, сэ зэрызэхэсхамкІэ, кърым хъаныи и дзэр япэ зыІущІэр. КІахэхэр - беслъэнейхэр, кІэмыргуейхэр, бжьэдыґъуэхэр, жанейхэр - къызэрыддэщІынум сэ щэч къытесхъэркъым.

- Псалъэ хьэлсІыбґъэсами, кІыхь зезґъэщІынукъым, ди пщышхуэ. Ди бийм и ажалыр къэдґъэсынщ жызыІэм, ар зигу илъым и къамэмкІэ тхьэрыІуэ ирырещІ!

Я къамэхэр къарпхъуэтри, къамэ тхьэрыІуэ ящІащ Хьэтіохъущокъуэ Курґъуокъуэ и зауэлІхэм...

Ахьмэд Ещанэмрэ Къаплъэн-Джрийрэ

ИСТАМБЫЛ. Тырку сулътІанэ зыщІэс сэрей щэращІэр. 1708 гъэм и мазаем и 3-нэ махуэщ.

Босфор хы дэкІыпІэмкІэ къыщепща жьыбґэр увыІэжащ. Шэджаґъуэ нэмэзым хэт къалэшхуэр азэн джэ макъым зэщІиущащ: тыкуэнхэр, шхапІэхэр, шей ефапІэхэр къызэІуахыжащ; бззэрхэр цІыху Іуэвым зэщІащащ: хэт ещ, хэт нэхъыщІэнщ, е дыззныбжь хъунщ. Муртаз-пэщэр лІыкущ, илъэс щэ ныкъуэ и ныбжьыщ. Уеплъмэ, лІы екІу хуэдэщ, и цІыхґъэкІэ къызэрыпхущІэкІынур дэнэ щыпщІэн? Зи пащхьэ дит сулътІаным и нэщхъыр зэхихыркъым, къыщыґуфІыкІыным и пІэкІэ. СулътІаныныр хъарзынэщ, Іэнатіэ ґъуэґу армыхьу... И фэкІэ пщІэнукъым зыхуэдэр, ар зыхуэдэр къызэрыпщІэнур и ІукІэ щыкІэрщ, и зекІуэкІэ-гъэпсыкІэщ, и лІыґъэщ...

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

● Пшыхьхэр

Зауэм и бынхэр ягъэгушхуэ

Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ Тэрч район библиотекэм щеджэ и пэшым пшыхь гуапэ щекIуэкIащ. Абы щагъэлъэпIащ, зи ныбжьыр илъэс блыщIым щIигъуахэр - зауэм и бынхэр. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ библиотекэм и лэжьакIуэхэу ХьэкIуащэ Еленэ, Дадэ Эммэ, Щыхьэлы Маринэ сымэ.

ХЬЭЩIЭХЭР ирагъэблагъащ Тэрч щыналъэм и библиотекэ Iэхуущ Iапlэ нэхъыщхьэм и унафэщI **Жылау Мариерэ** районыбиблиотекэмрэ «Зауэм и бынхэр» дзэ-хакупсэ клубым и советымрэ я Iэтащхьэ **Гъуакlагъуэ Светланэрэ**.

Хабзэ дахэ хъуэуэ, клубым екIуалIэхэр районым и щIалэгъуалэм яIуогIэ, зауэ нэужь зэманым теухуа я гукъэкIыжхэмкIэ ядогуашэ, чэнджэщхэр ират. Нэхъыжьхэр зэхуэсурэ зопсалъэ, къыщалъхуа мазаохэр зэдагъэлъапIэ. Абы тету, я мазаохэм ятеуцуагъэ блэкIами, а пшыхьым нэхъыжьипщым гулъытэ щыхуащIащ. Гупым я нэхъыжь икIи а мазаохэм къалъхуа **Хъуп Мухьэдин** адыгэ хабзэм тету Iэнэр иригъэкIыкIащ. Пшыхьым кIрихьэлIа-хэм нэхъыжьхэм хъуэхъу дахэхэр хужаIащ, саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ.

«Захуагъэ зэдэщIэ Урысей» политикэ партым ЦIыхум я хуитныныгъэхэр хъумэныкIэ и центрым и унафэщI **Бэрсэдж Анатолэрэ** УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Италием и Милан къалэм Пуччини и цIэкIэ щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм и лауреат, Музыкэ театрым и уэрджыIакIуэ **Ташло Алийрэ** зэхыхьэм хъызэрихьэлIар нэхъыжьхэм гуапэ ящыхъуащ.

- Си ныбжьэгъу Токъу Руслан «Зауэм и бынхэр» политикэ клубым хэт, зауэ нэужь зэман гугъур къызэзыIэнэ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпомэ емылъытауэ, гъащIэр зыIэщIэмыужьгъуа дэтхэнэмкIи гушхуэу фи гугъу къыщысхуищIым, нэхъыжьфIэр фызэзгъэщIыхуну мурад сщIащ, - жиIащ Бэрсэдж Анатолэ. - Къыхэслъхьа Iуэкур Ташло Алий къыздиIыгъащ. ФызэдгъэщIыхуныр, фи махуэр вдэдгъэлъапIэныр дэркIэ пщIэшхуэщ.

«Зауэм и бынхэр» клубым и псапащIэ, хьэрычэтыщIэ, «Захуагъэ здэщIэ Урысей» политикэ партым Тэрч районым щIэ къудамэм и унафэщI **Токъу Руслан**, Бэрсэдж Анатолэ сымэ, нэгъуэщIхэми къабгъэдэкIа саугъэтхэр нэхъыжьхэм ираташ. Ташло Алий дахэр Музыкэ театрым щекIуэкI пшыхьхэм ригъэблагъэщащ.

Зэхыхьэ гуапэр ягъэдхащ уэрджыIакIуэхэм. Апхуэдизу пшыхьым кIрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьу къызэхуэсахэм я гъусэу уэрэдхэр жаIащ икIи къэфащ Уае Дадэмрэ (**Бузд Анатолэ**) Уэс Гуащэмрэ (**Сартисовэ Марьянэ**).

БЖЬЫХЬЭЛI Роз э.

Зи уэрэдхэм дунейр зэлъащIыса Сэмэгу Гуащэнагъуэ

● Адыгей

Урысей Федерацэмрэ Адыгеймрэ я цIыхубэ артистхэ, композитор, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Сэмэгу Гуащэнагъуэ псэужатэмэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут. Льэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, и гъэзгу щыпхьзышыжа а бзыльхугъэм хуэдэщ «и Iащагъэм къыхуигъащIат» зыхужаIэр.

СЭМЭГУ Гуащэнагъуэ Тохъутэмыкъуей щынальэм хыхьэ Псэйтыку къуажэм 1928 гъэм къыщалъхуащ. 1950 гъэм егъэджакIуэ Iэщ Iагъэр зригъэгъуэта иужь Iэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэр ирихьэлIащ. Римский-Корсаков и цIэр зэрихьу Ленинград дэт консерваторэм щезыгъаджэхэм ящыщ Мейкъуапэ къэкIуауэ зэфIэкI зиIэхэр къыхахыу зэрыщыIэр зэхэзыха Гуащэнагъуэ тегушхуэри, адыгэ уэрэдыжь зыбжанэкIэ абы-хэм я пащхьэ ихьащ. Гъыбзэ гъэIуныр къызэрымыкIуэ къызэрехъулIэм и закъуэкъым консерваторэм щезыгъаджэхэм гу зылъатар, адыгэ хъыджэбзым макъ льэщ зэриIэр шэч къызэытумыхьызжынт.

И насып къихьри, Сэмэгу Гуащэнагъуэ Ленинград дэт консерваторэм еджакIуэ ягъэкIуащ. Пащащэм къыхуащIа дзыхьыр итъэпэжри, ар «5» защIэкIэ къиухащ.

ЩIэныгъэм хуэпабгъэ уэрджыIакIуэ ныбжьыщIэм композитор Iэщ Iагъэм и щхэхухэми нэIуасэ захуищIыну иужькIэ мурад ищIащ икIи Тбилиси дэт консерваторэм адыгэ макъамэр кууэ щеджэ, абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэм гулъытэ хэха яхуищIу.

1963 гъэм дунейм къытехьащ Гуащэнагъуэ и япэ тхыльыр, «Гупсысэхэр» зыфIищар, зэхуихьэсыжа уэрэдхэр зэрытыр. Сэмэгум и творчествэр фIыуэ зыльагъуэхэр хуабжьу щыгуфIыкIат 1968 гъэм абы къыдигъэкIа «Гъатхэм и макъхэр» тхылъым. 1976 гъэм абы къыкIэльыкIуащ «Уигу сызэрилъыр сощIэ» уэрэдыльэр.

Адыгэхэм деджкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ 1998 гъэм льэпкъ уэрэдыжьхэм ятеухуауэ Сэмэгум къыдигъэкIа тхылъыщIэм. Пасэрей уэрэдхэр екIуу зыгъэзащIэхэм я сурэтхэмкIэ гъэдхат ар. Бэрэтэрэ Хьэбидэт, Уджыхъу Гуащэхъурей, Сэмэгу Рахьмэ, сымэ, нэгъуэщIхэми я сурэтхэм ущепльым деж, льэпкъ гъуэзджэм и тхыдэм урипльэж хуэдэщ.

Адыгэхэм я щэнхабзэм теухуауэ Сэмэгу Гуащэнагъуэ и Iэдакъэ къыщIэкIа уэрэдхэм дунейр зэлъащIысащ, уеблэмэ, хуабжьу ди гуапэ мэхъу ахэр нэгъуэщI льэпкъхэм ящыщхэми, ягу ирихьыи и мызакъуэу, зэрагъэзащIэр. Абы и уэрэдхэм зэ едэIуэгъэкIэ цIыхухэр итхьэкъуу зэрыщытам и хъыбар куэд къаIуэтэж.

Сэмэгу Гуащэнагъуэ щIалэгъуэм, гухэль къабзэм, дуней дахэм къыщынэмыщIауэ, гум хыхьэу нэпсыр кьезыгъакIуэ гъыбзэкIи иIащ.

Адыгэйм и композиторхэм я тхьэмадэ Къэгъэзэж Байзэт и псалъэхэмкIэ си тхыгъэр сухыну сыхуейт: «Ди республикэм щызэхашэ гуфIэгъуэ дауэдапщэ щIагъуэ къанэркъым Гуащэнагъуэ и уэрэдхэр щамыгъэзащIэу. Ар езыр къытхэмытыжми, и Iэужь дахэмкIэ сыт щыгъуи тщIыгъуц».

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Хъуэхъу

Уи хъуэпсапIэхэр къохъулIэну

«Адыгэ псалъэ» газетыр кьыдэкIыным компьютеркIэ щыхуагъэхьэзыр Iэнатlэм и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщ Дол (Абазэ) Маринэ Анатолэ и пхъум и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ дыгъуасэ.

ИЛЬЭС пщыкIух хъуащ Маринэ а Iэнатlэм зэрыпэрытри, и лэжьэгъуэм ди губгъэн кьимыхьу и кьалэнхэр егъэзащIэ. 2002 гъэм цIыхубз льагъуэуфIэ цIыкIр къыщытхьихьам зыхуежьэ Iуэхур тэмэму зэфIэзыгъэкIыф цIыху гумызагъуэ фэ етплъати, ар езым нахуанIэ тщиущащ и зэфIэкIкIэ, и жанагъкIэ.

Лэжьэгъу псэгъэтыншщ ар - и Iэщ Iагъэм апхуэдизкIэ хуэIэзэщи, къуитIеIэзэщIыхьжьыщ щымыIэу икIи псынщIэу зэфIегъэжI газет напэкIуэцIым ещIапхъэжр. Тхыгъэри, абы и псалъащхьэри нэхъ дахэ, хэт сурэтхэри нэхъ тэмэму хэгъэзэгъа зэрыхъуным и мызакъуэу, корректорым къыхирэкIа щыуагъэхэр тэмэму зэригъэзэхуэжу, абы и лажьыгъэри зэрыдигъэпсынщIэным яужь итщ Маринэ. Набдзэгубдзаплъэу, темыплъэкъукIыу зэфIегъэкI абы пщэрыльэ щащI сыт хуэдэ Iуэхури.

Маринэ нэмыс хэлъщ, нэхъыжьмэ нэхъыщIэми яхуэфащэ гулъытэ яхуищIрэ езыми зыхуигъэщIыжьыфу апхуэдизщ. И гъэсэныгъэ дахэр абы, щэн хэмылъу, щигъуэтар и адэ-анэм я дежщ. Абазэхэ Анатолэрэ Любэрэ я бынхэм хапщэфащ езыхэр зыщIапIыкIа льэпкъ хабзэхэр икIи абыхэм ятриха щапхъэ дахэр гъащIэ гъуазэу кьыдогъуэгурыкIуэ Долым.

ФIыуэ лажьэ къудейкъым Маринэ. Ар гупым хэт дэтхэнэми дахэу ядекIуэкIыф цIыхуу, гуфIэгъуэ зиIэм ар диIэтыфрэ, гузэвэгъуэ хэхуами щигъэпсынщIэу. Зэманыр Iуэхукlэ зыигъэнщIыф бзыльхугъэм и лэжьыгъэм къыщыдэхуэ дакъикъэхэри пщIэншэу игъэкIуэдын фIэфIкIыным. Зэрысабийрэ хьэл хуэхъуауэ еджэн фIэфIщи, тхылъ, журнал Iэщ Iэтэу щысынри зыхихьхьэ щыIэкъым.

ЦIыхубзым джежI гъащIэм щынэхъыщхьэ насыпу кьалъытэмкIи Тхьэр къыхуэупсащ Маринэ - ар анэ, анэшхуэ гумащIэщ. Ипхъэхуэ Каринэрэ Эллэрэ унагъуэ дахэ хъужауэ мэпсэу. Зэшыпхъу цIыкIуитIыр ди адыгэ хабзэм, нэмысым зэрыщIапIыкIар дэри тлъэгъащ, сыт хуэдэ гуп хэмыхьамэ абыхэми я щытхъур яIэту апхуэдэщи, диряпэкIи Тхьэм иригъэфIакIуэ. Быным я насыпрыщ анэм дамэ хуэхъури, абыхэм ящыгуфIыкI зэпыту упсэну ди гуапэщ, Маринэ. Уи бынхэм зыхьыуагъэщIа гурыщIэ Iэфхэм кьыпхуащэу пхъурылъхуиплI уиIэщи, абыхэми уаэзрыхуэхъуапсэхэр кьайкъулIауэ Тхьэм уигъэпъагъу.

Уузынщэу, уи щIэблэм я насыпым уи гур дыхэхъуэу, уущIэгуфIэн Iуэху куэд махуэщIэ къэс кьыпхуэдизкIэ, фIыуэ плъагъуэр кьыпхъуэту къэбгъэщIам хуэдиз Тхьэм кьыпхупищ, Маринэ!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

IэщIагъэхэр къыхах

● Егъэджэныгъэ

Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхуэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетымрэ КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетымрэ я лIыкIуэхэр иджыблагъэ щыщащ Бахъсэн районым икIи абы щахуэзащ щIыпIэм и курыт школхэр мы гъэм къэзыух щIалэгъуалэм. Зэхуэсым щытепсэльыхьащ ныбжьыщIэхэм къыхахыну Iэщ Iагъэхэм.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Бахъсэн районым и администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэм и кIалэнхэр зыгъэзащIэ **Тохъутэмыщ Мухьэмэд**, КъБКЪУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ IуэхуэхэмкIэ и проректор **Къумыкъу Iэуес**, КъБКЪМУ-м ветеринар-санитар экспертизэмкIэ и кафедрэм и доцент **Махуэ Индирэ**, университетхэм я щIэныгъэлIэхэр, егъэджакIуэхэр, ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэр. ХьэщIэхэм мурад ящхьэщхьэу зыхуагъэуцуа выжахэм ящыщт ныбжьыщIэхэр зыщIэхъуэпс IэщIагъэхэр кьахутэу, абы-хэм ящыщу я еджапIэ нэхъыщхьэхэм зыщIэхурагъэджэхэм ш эщIауэ ятепсэльыхьыныр. А мурадыр зыIэрагъэхьэн папщIэ, абыхэм зэхуэсым щагъэлъагъуащ студентхэр университетым зэрыщрагъаджэ щыкIэхэм, абыхэм щыIэ спорт, творческэ секцэхэм, гупжьейхэм я лжьэхкIэхэм ятеуха видео роликхэр. Апхуэдэу къызэхуэсахэр тепсэльыхьащ университетхэм зэрыщIэтIысхьэ хабзэхэм, мардэхэм, IэщIагъэхэм ельытауэ ныбжьыщIэхэм экзаменхэмкIэ яIэн хуей балл бжыгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

Къэрал университетхэм кьикIа лIыкIуэхэр школакIуэхэм апхуэдэу яхутепсэлъыхьащ IэщIагъэ къыщыхахкIэ, гулъытэ зыхуэщIын хуей щхьэхуэныгъэхэм.

- Экономикэр, жылагъуэр мы зэманым нэхъыбэу зыхуей, зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэращ фызыхуеджэн хуейр, - къыкъагъэбелджылыкIащ. IэщIагъэлIэхэм. - Фегупсысын хуейщ иужькIэ лэжьыгъэ Iэнатlэ къызэрыгъуэтыными. ГъащIэ гъусэ фхуэхъуну IэщIагъэр тэмэму къыхэфхыфмэ, ныбжьыщIэхэ, зэвгъащIэ, ар насыпым щыщ Iыхьэщ.

НыбжьыщIэхэми абыхэм я адэ-анэхэми я IэущIахэм зэуап щратащ зэхуэсым. ХьэщIэхэр школакIуэхэм екъупщIылъ къэрал къэпщытэныгъэхэр екъулIэныгъэкIэ зэфIахьы-ну, адэкIэ я IэмурадкIэри зрагъэхъулIэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Егъэджэныгъэ

Зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъу

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм (ОНК) хэтхэм я зэIущIэ.

АБЫ кьрихьэлIащ КъБР-м щыIэ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и тхьэмадэ Бэрсэдж Анатолий, ОНК-м хэтхэу Къузэщыкоокъуэ Хьэжпагуэ, Бобылёв Валентин, Отаров Хьызыр, Мэрзей Зэлымджэрий, Умэ Светланэ сымэ, апхуэдэуи УФСИН-м и унафэщIым и япэ хъуэдзэ Бырмамыт Чэрим, управленэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуэр - дин IэхуэхмкIэ Болэ Айваррэ УИС-м цIыхум и хуитынныгъэхэр щыгъэзащIэныжьмкIэ Текаевэ Ритэрэ.

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIэщI къулыкъым и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд зэIущIэм къыщыщыпсальэм кьыхьэгъэщащ цIыхум и хуитынныгъэхэм кьащхьэщыжхэм я iажьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэрилъэгъ.

ЗэIущIэм зэпкърыхауэ щытепсэльыхьащ УФСИН-мрэ ОНК-мрэ зэрызэдэлажьэнум, яубзыхуащ цIыхум и хуитынныгъэхэр хъумэным теухуауэ Iэхуэгъуэ нэхъыщхьэ я пащхьэщIыпIэхэр. ОНК-м хэтхэр нэхъ кьызытеувIар СИЗО-мрэ ИК-мрэ щаIыгъэхэм зыхуей медицинэ хуэIухуэщIэрэ хущхъуэрэ ягъуэтыным теуха Iэхуэхэрщ.

КъыщынэмыщIауэ, жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэ тэмэм щыIэн папщIэ, зэгурыIуащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Iэхуэщ Iапl эхэм я кIуэнэ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхуащ Iапl эм и унафэщI.

Спортыр фIыуэ зыльагъуэхэр зэкъуигъэувэнущ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ Щ Iалэгъуалэ советым къыхилъхьа спорт проектыщ Iэр зыхуэгъэзэр курыт еджапIэхэм щIэсэрщ икIи абы пыщIа Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ дунейпсо утыкум нэхъыфIу зыкъыщызыгъэлъэгъуа ди спортсмен нэхъ щIэрыIуэхэр хэту.

ПРОЕКТЫР ягъэхьэзыращ ЩIалэгъуалэ советым социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Тэтэр Къантемыр и жэрдэмкIэ.

Дэтхэнэ зэIущIэми щытепсэльыхьынущ кърагъэблагъа спортсменым и къекIуэкIыкIам, абы и екъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэу хьэщIэм и щIыхькIэ спорт зэхьэзэхуэкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Ялэ зэIущIэр щекIуэкIынущ Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №10-м икIи абы къарагъэблагъэнущ щIэныгъэ-псо утыкум зи цIэр щызыIуэIуа Бырхьэм Мухьэмэд.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхуащ Iапl э.

● Футбол

«Союз-Сэрмакъым» пашэхэр ехъуэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым бжьыпэр щызыIыгъым аргуэру зихьыуэжащ. Иджы пашэныгъэр и закъуэу иубыдащ республикэм и гъэмахуэ чемпион Бахъсэн и «Автозапчасть»-м.

ТХЬэМАХУЭ ипэкIэ зэхэта джэгуГъуэм «Союз-Сэрмакъым» Налшык дэт школ №31-м и футболистхэр хигъащIэри, бжьыпэр яIащIи-гъэкIащ. Мис аргуэру абы фIигъэкIуэда очкоитIым «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупыр «Автозапчасть»-м къыкIэригъэхуащ. «Союз-Сэрмакъым» мыгъэрей зэхьэзэхуэм курыт зэфIэкI къыщигъэльэгъуэу арами, къыщыщIэкIымкIэ, пашэхэм зэрыхуейм хуэдэу ехъуэж.

Бжьыпэр зыIыгъхэм гъунэгъу къахуэхъуащ «Спарта-Малка»-р. Абы и гуащIэхъэхъумэхэр хуабжьу лъэрызехьэщ икIи зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ топищ къыдрагъэзгъэкIауэ аращ. Пашэхэм я гъуэр хуэдиткIэ нэхъыбэрэ хагъэщIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыгъэрей щIымахуэ чемпионатым джэгуГъуэ блэкIам хьэлэмэт къыщыхъуащ. Турнир таблицэм еханэ увыпIэр щызыIыгъым зыIэрызыгъэхьэфар зы командэ закъуэщ. АрщхьэкIэ ар зыхуэзэфIэкIа Къэхъун и «Керт»-р иджыри «щыхупIэм» къыщыхьэщыкIыпащкъым.

Адакlэ щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къырикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «Шагъдий» (Зеикъуэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:1**, **«Спарта-Малка»** (Налшык) - **«Астемыр»** (Налшык) - **2:1**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Мурбек»** (Налшык) - **1:0**, **«Велес»** (Къэрэгъэзш) - **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **0:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **0:0**, **«Ансар»** (Налшык) - **«Керт»** (Къэхъун) - **0:2**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2017/2018 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатым зэрекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	10	7	2	1	16-6	23
2. «Школ №31-ГорИс-179»	9	7	0	2	15-6	21
3. «Спартак-Налшык-д»	10	6	3	1	19-6	21
4. «Спарта-Малка»	10	5	4	1	10-3	19
5. «КъБКъМУ»	9	5	0	4	19-18	15
6. «Мурбек»	9	4	3	2	12-9	15
7. «Союз-Сэрмакъ»	9	4	1	4	14-8	13
8. «Шагъдий»	10	3	3	4	13-13	12
9. «Къулькъужькн-КъБКъУ»	10	3	2	4	14-13	11
10. «Спартак-Налшык-н»	9	3	1	5	8-13	10
11. «Ансар»	9	2	4	3	10-17	10
12. «Велес»	9	2	1	6	10-14	7
13. «Керт»	9	2	1	6	9-15	7
14. «Астемыр»	9	1	3	5	12-19	6
15. «ЛогоВАЗ»	10	1	2	7	7-27	5

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Я къуажэгъуэхэм едыгъужахэр

Урысей МВД-м и «Аруан» хъудамэм и полицейхэм, КъБР-м щыIэ МВД-м уголовнэ къэлъыхьэныгъэмкIэ и управленэм (УУР) и лэжьакIуэхэр ящIыгъуу яубыдащ Iэщ зыдыгъуауэ шэч зыхуащIхэр. Ахэр нэхъапэм суд дытращIыхьауэ щыта, илъэс 21-рэ, 33-рэ зи ныбжь щIалэхэщ, Псыгуэнсу къуажэм щыщу.

БЭДЖАЩIЭХЭМ, иджыри зы цIыхухъу ящIыгъуу, 2018 гъэм щIышылэм и 20-м я къуажэгъуэм къыфIадыгъуащ мазиплI хъу шкIищ, сом мин 54-рэ и уасэу.

Яубыда дыгъуакIуэхэм заумысижащ. Ещанэ бзаджащIэр, нэхъапэми суд зытращIыхьауэ щытар, къалъхьуэ.

Телефон гъэпцIакIуэхэр къыщIагъэщ

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и плъыр частым зыхуигъэзащ Учебнэ къуажэм щыщ цIыхухъуэм.

АБЫ ЗЭРЫЖИАМКIЭ, пщIэ зышIумыт хъыбархэм я сайтым ирилъхьащ кIэртIофэ зэрагъэкъабзэ и машинэр зэрищэр. Кэзд дэмыкIыу имыцIыкIу номер и телефоным кьеуащ. Къэпсэльам прохладнэдэсым зыкъыриIащ а Iэмэпсымэр къыщхьэну зэрыхуейр икIи сакъыплят ахъшэ кьыхуигъэхьын папщIэ и банк картэм и номерыр жриIэну кьелъэIуащ.

Абы кърикIуаращи, гъэпцIагъэкIэ и картэм ирадыгъукIащ сом мин 232-рэ.

Полицэм и лэжьакIуэхэм кьыщIагъэщащ а щIэпхъаджагъэр зылэжьахэр. Ахэр Кемеровскэ областым щыщщ, мызэ-мытIэуи суд зытращIыхьа щIалэхэу къыщIэкIащ. Абыхэм ялэжьамкIэ заумысижащ.

КъыщIэхуахэр Кемеровскэ областым и тутнакъэщхэм я зым ису къыщIэкIащ, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ щхьэкIэ ягъэтIысауэ.

ПщIэ зыхуэтщI ди цIыхухэ, фысакъ, къыфIэрыхьа хъыбарыр зэхэвгъэкI, фымыщIыхуэм дзыхь яхуэвмыщI! ЗыгуэркIэ лей къыфтехьамэ, зэгъэтIылъэкI имыIэу хабзэхъумэ Iэнатlэхэм захуэвгъазэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхуащ Iапl э.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Къалащхьэм и зэхьэзэхуэ зэIуха

Мэзкуу дэт «Олимпийская деревня-80» спорт комплексым щекIуэкIащ 2001 - 2002 гъэхэм къалъхуахэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я къалэ зэхьэзэхуэ. Абы фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэныгъэм.

Я ХЬЭЛЪАГЪ елъытауэ щыбэна гупхэм дыщэ медалхэр кьыщахьащ Будаев Омар (кг 60), Шамырзей Къантемыр (кг 71-рэ), Гъэныибэ Iуэес (кг 80). Ещанэ увыпIэхэр яубыдащ Созаев Нодаррэ (кг 42-рэ) Темырчы Тамерланрэ (кг 60).

ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа спортсменхэм Iэмал къыхуэкIыкIащ мазаем и пэм Ингушым щекIуэкIыну урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къанщокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узынщагъэмкIэ, экологиемрэ спортымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитынныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариан-нэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.103 ● Заказ №74